

DOSYE ENFÒMASYON SÈVIS DANTÈ POU NOUVO PASYAN

ENFÒMASYON SOU PASYAN						
Non:	Nimewo Sekirite Sosyal:	Sèks Legal: <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi		Preferans Sèks:		
		Dat Nesans:		<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi		
				<input type="checkbox"/> Transjan (G a F)		
				<input type="checkbox"/> Transjan (F a G)		
Adrès Prensipal:	Vil	Eta	Kòd Postal			
Adrès Imèl:	Nimewo Telefòn Kay:			Nimewo Telefòn Selilè:		
Divès fason nou kapab kominike avèk ou (chwazi tout sa ki aplike): <input type="checkbox"/> Nimewo Telefòn Kay <input type="checkbox"/> Nimewo Telefòn Selilè <input type="checkbox"/> Pòtay <input type="checkbox"/> Mesaj Tèks	Preferans Lang:			Bezwen entèprèt:		
				<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		
Non Kontak pou Ijans:	Nimewo Kontak pou Ijans:			Relasyon w ak Kontak la:		
Estat Travay: <input type="checkbox"/> Anplwaye <input type="checkbox"/> Nan chomaj	Tip Lojman: <input type="checkbox"/> Kay Pa w <input type="checkbox"/> Lwaye <input type="checkbox"/> Sanzabri <input type="checkbox"/> Sibvansyone <input type="checkbox"/> Lojman Tranzisyon <input type="checkbox"/> Rete avèk zanmi/fanmi <input type="checkbox"/> Lòt abri		Estat Matrimonyal: <input type="checkbox"/> Selibatè <input type="checkbox"/> Marye <input type="checkbox"/> Divòse <input type="checkbox"/> An Koup <input type="checkbox"/> Vèf/Vèv <input type="checkbox"/> Separe	Ras (chwazi tout sa ki aplike): <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken/Natif Alaska <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Nwa/Afwo Ameriken <input type="checkbox"/> Natif Awayen <input type="checkbox"/> Lòt Abitan Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Blan/Kokazyen <input type="checkbox"/> Lòt Èske ou se Ispanik? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		
Èske ou se yon Migran k ap travay nan Jaden? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <i>Defini antanke yon moun ki oblije absan nan yon espas rezidans pèmanan nan objektif pou chache yon anplwa nan domèn agrikòl la.</i>			Èske ou panse tèt ou antanke: <input type="checkbox"/> Nòmral (pa lesbyèn ni pederas) <input type="checkbox"/> Lesbyèn oubyen pederas <input type="checkbox"/> Biseksyèl <input type="checkbox"/> Pa konnen <input type="checkbox"/> Yon lòt bagay <input type="checkbox"/> Chwazi pa deklare			
Èske ou se yon Travayè nan Jaden Sezonye? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <i>Defini antanke yon moun ki anplwaye nan travay nan jaden tanporèman men pa bezwen deplase sòti nan rezidans pèmanan pou chache travay nan jaden; epitou li kapab genyen divès sous anplwa.</i>						
Revni Anyèl- Tanpri chwazi lèt ki koresponn ak gwosè epi revni chak ane fanmi ou: _____						
Konbyen moun k ap viv nan fwaye ou? _____						
	A	B	C	D	E	F
# of People in Household	100%	125%	150%	175%	200%	>200%
1	\$0 - \$14,580	\$14,581 - \$18,225	\$18,226 - \$21,870	\$21,871 - \$25,515	\$25,516 - \$29,160	Over \$29,160
2	\$0 - \$19,720	\$19,721 - \$24,650	\$24,651 - \$29,580	\$29,581 - \$34,510	\$34,511 - \$39,440	Over \$39,440
3	\$0 - \$24,860	\$24,861 - \$31,075	\$31,076 - \$37,290	\$37,291 - \$43,505	\$43,506 - \$49,720	Over \$49,720
4	\$0 - \$30,000	\$30,001 - \$37,500	\$37,501 - \$45,000	\$45,001 - \$52,500	\$52,501 - \$60,000	Over \$60,000
5	\$0 - \$35,140	\$35,141 - \$43,925	\$43,926 - \$52,710	\$52,711 - \$61,495	\$61,496 - \$70,280	Over \$70,280
6	\$0 - \$40,280	\$40,281 - \$50,350	\$50,351 - \$60,420	\$60,421 - \$70,490	\$70,491 - \$80,560	Over \$80,560
7	\$0 - \$45,420	\$45,421 - \$56,775	\$56,776 - \$68,130	\$68,131 - \$79,485	\$79,486 - \$90,840	Over \$90,840
8	\$0 - \$50,560	\$50,561 - \$63,200	\$63,201 - \$75,840	\$75,841 - \$88,480	\$88,481 - \$101,120	Over \$101,120
For each additional person, add	\$5,140	\$6,425	\$7,710	\$8,995	\$10,280	\$10,280
Èske ou enterese aplike pou Barèm Frè Varyab yo (si wi, yo gen pou mande ou plis verifikasyon revni)? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non						
Non Famasi:	Nimewo Telefòn Famasi:			Preferans Laboratwa:		
				<input type="checkbox"/> Quest <input type="checkbox"/> LabCorp <input type="checkbox"/> Lòt		

ENFÒMASYON SOU ASIRANS AK GARAN			
Asirans Prensipal:	Nimewo Politik:	Nimewo Gwoup:	
Non Moun Ki Abòne a:		Relasyon ak Pasyan:	
Dat Nesans Moun Ki Abòne a:		SSN Moun Ki Abòne a:	
Asirans Segondè:	Nimewo Politik:	Nimewo Gwoup:	
Non Moun Ki Abòne a:		Relasyon ak Pasyan:	
Dat Nesans Moun Ki Abòne a:		SSN Moun Ki Abòne a:	
Garan/Non Moun ki Responsab Pèman (si li diferan ak abòne a):			
Adrès:	Vil:	Eta:	Kòd Postal:
Dat Nesans:		SSN (Nimewo Sekirite Sosyal):	
Nimewo Telefòn:		Relasyon ak Pasyan:	

KONSANTMAN AK REKONESANS

Konsantman pou fè Trètman

Nan dokiman sa a, mwen bay konsantman mwen epi mwen otorize egzamen ak trètman nan Project Health, Inc. d/b/a Langley Health Services (LHS) pou tèt mwen, pasyan an, pa pèsònèl la nan LHS. Bezwen pou egzamen ak trètman, ak posibilite pou gen efè segondè ki endezirab anplwaye LHS yo pral esplike. Mwen konprann pa genyen okenn garanti oubyen asirans, tankou rezilta ki kapab jwenn, men anplwaye LHS yo pral egzèse yon pridans nòmal konsènan dyagnostik ak tretman mwen an.

Konsantman pou fè Trètman yon Minè *sèlman fèt si pasyan gen mwens pase laj 18 ane*

Mwen menm, antanke paran oubyen responsab legal pasyan, _____, nan dokiman sa, bay konsantman mwen epi otorize trètman pitit mwen an. Anplis, mwen bay pèmasyon pou moun ki vini sa yo otorize Trètman Medikal menm lè mwen pa la:

- | | |
|----------|---------------------------|
| 1. _____ | Relasyon ak pasyan: _____ |
| 2. _____ | Relasyon ak pasyan: _____ |
| 3. _____ | Relasyon ak pasyan: _____ |

Avi sou Pratik Vi

Mwen rekonèt mwen te resevwa Avi Konfidansyalite kabinè a ki dekri fason kabinè a kapab itilize ak pibliye enfòmasyon sou swen sante pou tretman li ak operasyon pèman/swen sante li yo ansanm ak lòt itilizasyon ak divilgasyon ki dekri ak pèmi. Mwen konprann mwen kapab kontakte Responsab Konfòmite a si mwen gen yon kesyon oubyen yon plent. Nan mezi lalwa pèmèt sa, mwen bay konsantman mwen pou itilize ak pibliye enfòmasyon sou mwen nan objektif ki dekri nan Avi Konfidansyalite kabinè a.

Piblikasyon Enfòmasyon

Rezon pou pibliye dosye yon pasyan tankou, men pa limite ak:

- Konpayi asirans (yo), ajan pa yo oubyen lòt moun k ap peye ak/oubyen
- Ajans gouvènman oubyen sèvis sosyal ki kapab oubyen pral peye pou nenpòt pati nan depans medikal/lopital merite oubyen
- Reprèzantan otorize Langley Health Services jan lalwa mandate sa oubyen
- Pwofesyonèl Swen Sante altènatif yo, tankou divès ajans ak sèvis kominote, jan founisè pasyan preskri sa oubyen
- Sou demann Pasyan oubyen fanmi Pasyan pou swen aprè lopital

Pasyan rekonèt epi dakò kèk, oubyen tout pati nan dosye pasyan yo kapab aksesib atravè pòtay pasyan ak/oubyen Echanj Enfòmasyon sou Sante. Pasyan rekonèt ak dakò dosye pasyan yo pral disponib pou tout antite ak pwofesyonèl swen sante ki afilye ak Langley Health Services, ePI pwofesyonèl swen sante ki pa afilye ak pa nan Langley an konfòmite ak dispozisyon itilizasyon siyifikatif.

Dwa Responsabilite ak Enfòmasyon Pasyan yo ak Espas Medikal Santre Sou Pasyan

Mwen chwazi patisipe nan Espas Medikal Santre Sou Pasyan. Yo afiche dokiman sa yo nan sal datant la ak sou sitwèb nou an: www.langleymedicalcenter.com. Mwen rekonèt mwen te resevwa oubyen yo te otorize mwen wè yon kopi nan chak epi konprann ak aksepte kondisyon ki site nan politik yo.

Après Èdtan Sèvis Non Ijans yo

Pasyan yo gen aksè ak pwofesyonèl swen sante Services Health Langley yo aprè lè ouvèti yo, sou apèl 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn gras ak yon sèvis repons telefonik nan rele (352) 793-5900. Pou renouvèlman medikaman, tanpri kontakte famasi ou an oubyen Langley Health Services pandan lè ouvrab nòmal yo. Pou sèvis ijans yo, rele 911 oubyen ale nan sal ijans lopital ki pi pre a.

Rezidan, Elèv ak Obsèvatè yo

Mwen konprann Project Health, Inc. d/b/a Langley Health Services (LHS) soutni edikasyon pwofesyonèl medikal yo epi kenbe Elèv ki kapab ede nan relasyon ak swen an. Mwen konprann selon règleman ak akreditasyon federal LHS yo, tankou fòmasyon edikatif, rezidan yo, elèv yo ak obsèvatè yo kapab prezan nan zòn kote y ap pran swen pasyan yo.

Politik sou Pa Prezante Nan Randevou

Si ou pa kapab prezan nan randevou ou an avèk yon pwofesyonèl swen sante, nou atann pou ou kontakte biwo a davans pou asire yo replanifye pou ou. Si ou pa reyisi kontakte biwo a avan randevou ou an, y ap konsidere randevou ou te rate a antanke "pa prezante". Si nan 3 mwa ou "pa prezante" pandan twa (3) fwa oubyen plis, n ap voye yon avi pou ou ki pou di ou nan yon lis atant kounye a pou yon founisè LHS wè ou. Nou pral kontakte ou pou yon randevou imedyatman genyen posibilite nan lis atant lan. Nan ka kote ou bezwen yon swen ijan, gen randevou ki nan menm jou a k ap disponib nan tout lokal LHS yo pou bezwen medikal yo ak/oubyen dantè yo.

Avi Politik Konsènan Direktiv Davans yon *sèlman pou pasyan ki gen plis pase 18 ane*

Direktiv Davans yo se deklarasyon legal ki endike tip trètman medikal ki dezire oubyen ki pa dezire nan ka kote yon moun pa kapab pran desizyon tankou moun ki gen otorizasyon pou pran desizyon sa yo pou yo. Direktiv Davans yo etabli ak ateste avan moman kote nenpòt blezi grav, evènman posib ki menase lavi kèk operasyon chiriji rive fèt.

An akò ak lwa federal la ak eta, sa sèvi kòm notifikasyon nou pral anile direktiv davans ou an nan ka kote w ap fè fas ak yon evènman ki menase lavi ou nan youn nan lokal Langley Health Services yo epi yo pral transfere ou nan yon nivo swen ki pi wo. Lè ou siyen anba, ou aksepte ak konprann sa antanke yon notifikasyon. Tanpri endike anba si wi oubyen non ou gen yon direktiv davans oubyen si ou ta renmen resevwa enfòmasyon sou direktiv davans yo.

- Mwen gen yon direktiv davans.
 Mwen pa gen yon direktiv davans
 Mwen ta renmen resevwa enfòmasyon sou direktiv davans yo.

Konsantman pou Itilizasyon ak Piblikasyon Enfòmasyon sou Sante Pwoteje (Protected Health Information, PHI)

Project Health, Inc. d/b/a Langley Health Services (LHS) angaje pou garanti vi prive ak konfidansyalite enfòmasyon medikal ou yo. Pou ede nou pwoteje vi prive ou, tanpri konplete enfòmasyon sa yo:

(Kwoche Wi oubyen Non)	Wi	Non
Èske nou ka kite yon mesaj klinik si pa gen repons?		
Èske nou ka kite yon mesaj sou pwoblèm fakti si pa gen repons?		
Èske nou ka voye yon rapèl randevou nan yon mesaj tèks? <i>Si wi, ki operatè telefòn mobil ou genyen?</i>		
Èske nou ka voye pou ou yon imèl konsènan rapèl ak nòt klinik yo?		

Èske nou kapab kite enfòmasyon nan men yon lòt moun ki pa ou menm konsènan swen medikal ou (chanjman medikaman yo, rezilta laboratwa yo, randevou yo, elatriye)? Wi (si wi, tanpri endike non an(yo) nan espas ki anba a(yo)) Non

Non	Relasyon	Nimewo Telefòn

**Ou genyen dwa pou anile moun n ap pale ak yo sou swen sante ou nenpòt ki moman. Tanpri ranpli yon nouvo konsantman.

Atribisyon Avantaj Medicare *sèlman pou pasyan ki kouvri pa Medicare*

Mwen sètifye enfòmasyon yo ban mwen nan aplike pou pèman anba Tit XVIII Lwa sou Sekirite Sosyal la kòrèk. Mwen otorize nenpòt moun ki gen enfòmasyon medikal sou mwen pou pibliye yo bay Administrasyon Sekirite Sosyal la oubyen entèmedyè li oubyen moun k ap pote enfòmasyon ki nesèsè pou demann sa oubyen yon demann ki lye ak Medicare. Mwen mande pou pèman oubyen avantaj ki otorize yo fèt nan non mwen. Mwen atribiye avantaj ki peyab pou sèvis medikal yo oubyen mwen otorize doktè sa pou soumèt yon demann bò kote Medicare epi mande pèman avantaj asirans medikal yo pou bay pati ki asepte atribisyon an. Mwen otorize itilizasyon yon kopi otorizasyon sa nan plas orijinal la, toutotan m ap resevwa sèvis yo nan LHS. Mwen konprann mwen se responsab montan koasirans mwen an sou sèvis ki kouvri pa Medicare yo. Mwen konprann anplis Pati B ki dediktib la pa aplike pou sèvis FQHC yo; sepandan, si m ap resevwa divès sèvis FQHC pa kouvri, m ap responsab pou pati B ki dediktib la. Mwen te ranpli yon kopi Kesyonè Peyè Segondè Medicare (Medicare Secondary Payor, MSP) a.

Mwen konprann mwen kapab revoke konsantman sa alekri nenpòt kilè. Lè konsantman anile, l ap afekte sèlman enfòmasyon sou sante mwen apati moman sa.

Lè mwen siyen anba, mwen konfime enfòmasyon sa yo egzak nan pi bon kapasite mwen. Anplis, mwen dakò, mwen konprann, epi mwen konsanti pou tout eleman ki nan seksyon Konsantman ak Rekonesans yo.

SIYATI KI REKÒMANDE YO	
Siyati Pasyan/Responsab la:	Dat Jodia:
Siyati Anplwaye Sèvis Sante Langley (Langley Health Services):	Dat Jodia:

Konsantman Enfòmè pou Pwosedì Dantè yo

Non Pasyan: _____

Dat Nesans Pasyan: _____

Tout pasyan yo konplete 1 jiska 4 anba

PWOSEDI	INISYAL POU BAY KONSANTMAN
<p>1. EGZAMEN AK RADYOGRAFI Mwen konprann vizit inisyal la kapab rekòmande divès radyografi nan objektif pou konplete egzamen, dyagnostik ak plan trètman. Mwen konprann y ap bay yon plan trètman detaye Nan dokiman sa, mwen bay konsantman mwen epi mwen otorize egzamen ak trètman nan Project Health, Inc. d/b/a Langley Health Services (LHS) pa pèsònèl la nan LHS. Bezwen pou egzamen ak trètman, ak posibilite pou gen efè segondè ki endezirab anplwaye LHS yo pral esplike. Mwen konprann pa genyen okenn garanti oubyen asirans, tankou rezilta ki kapab jwenn, men anplwaye yo oubyen LHS pral egzèse yon pridans nòminal konsènan dyagnostik ak tretman mwen an. Konsantman Enfòmè pou Pwosedì Dantè yo ap resevwa.</p>	
<p>2. DWÒG AK MEDIKAMAN Yo te enfòmè mwen epi mwen konprann ke antibyotik ak analjezik yo ak lòt medikaman yo kapab lakoz divès reyaksyon alèjik ki antrene woujè ak anfleman tisi, doule, demanjezon, vomi, ak/oubyen chòk anafilaktik (reyaksyon alèjik grav). Yo te enfòmè mwen sou Dantis tout alèji yo konnen ak tout medikaman mwen ap pran aktyèlman.</p>	
<p>3. CHANJMAN NAN PLAN TRÈTMAN AN Mwen konprann pandan trètman, li kapab nesèsè pou modifiye oubyen ajoute divès pwosedì akòz de kondisyon ki jwenn nan moman travay sou dan ki pa te ka rive detekte pandan egzamen an. Nou pral esplike tout chanjman nan plan imedyatman epi yon nouvo konsantman ap siyen si sa nesèsè. Chanjman ki pi kouran nan plan tretman se dekouvet nesèsite yon tretman kanal pandan ak aprè pwosedì restorasyon yo.</p>	
<p>4. DISFONKSYONMAN ATIKILASYON TANPOWOMANDIBILÈ Mwen konprann krakman, klakman, blokaj ak doule kapab entansifye oubyen devlope nan jwenti yo (touple zòrèy) aprè yon tretman dantè woutin kote yo kenbe bouch la nan yon pozisyon ouvri. Byen ke sentom TMD asosye ak tretman dantè yo jeneralman gen nati tranzitwa ak byen tolere pa majorite pasyan yo. Mwen konprann nan ka bezwen tretman, y ap refere mwen ak yon espesyalis pou yon tretman kote sa li koute a sou responsabilite mwen.</p>	

Deklarasyon Dwa ak Responsabilite Pasyan yo

DWA PASYAN YO

- Yon pasyan genyen dwa pou yo trete li avèk koutwazi epi respè, avèk apresyasyon diyite endividyèl mesye a oubyen madanm lan, epi avèk pwoteksyon bezwen pou li jwenn konfidansyalite.
- Yon pasyan genyen dwa ak yon repons rapid ak rezonab pou kesyon ak demann yo.
- Yon pasyan genyen dwa pou konnen kiyès k ap bay sèvis medikal yo ak kiyès ki se responsab pou pran swen li.
- Yon pasyan genyen dwa pou konnen ki sèvis sipò pou pasyan ki disponib, tankou si ap genyen yon entèprèt ki disponib si li, mesye oubyen madanm lan, pa pale anglè.
- Yon pasyan genyen dwa pou konnen ki règ ak règleman k ap aplike pou konduit li.
- Yon pasyan genyen dwa pou konnen pwofesyonèl swen sante a ap ba li enfòmasyon ki konsène dyagnostik la, ki lòt solisyon yo, risk yo, ak pwonostik yo.
- Yon pasyan genyen dwa pou refize nenpòt tretman, sof si se lalwa ki enpoze sa.
- Yon pasyan gen dwa pou yo ba li, sou demann, enfòmasyon konplè ak konsèy nesèsè sou disponibilite resous finansyèl moun konnen pou yo ba li swen.
- Yon pasyan ki kalifye pou Medicare genyen dwa pou konnen, sou demann ak davans tretman si founisè swen sante a oubyen enstalasyon swen sante a aksepte to atribisyon Medicare la.
- Yon pasyan genyen dwa pou resevwa, sou demann, avan tretman, yon estimasyon rezonab sou frè depans pou swen medikal la.
- Yon pasyan genyen dwa pou resevwa yon kopi fakti detaye rezonab, klè ak konpreyansib, ak sou demann, pou li jwenn yon espikasyon sou frè pèman an.
- Yon pasyan gen dwa pou gen aksè san patipri ak tretman medikal oubyen ebèjman, kèlkeswa ras, orijin nasyonal, relijyon, andikap fizik, ak sous pèman an.
- Yon pasyan gen dwa ak soulajman doulè.
- Yon pasyan gen dwa pou konnen si tretman medikal la se pou objektif rechèch eksperyantal ak pou bay konsantman li oubyen refi li pou patisipe nan rechèch eksperyantal konsa.
- Yon pasyan genyen dwa pou fè kòmantè, kit se negatif oubyen pozitif, konsènan sèvis li te resevwa a.
- Yon pasyan genyen dwa pou ekspriye divès dòleyans konsènan tout vyolasyon dwa li (fi/gason), jan sa endike nan lwa Florida, atravè pwosedi règleman griyèf founisè swen sante yo oubyen etablisman swen sante ki te sèvi li e ak ajans lisans apwopriye.
- Yon pasyan genyen dwa pou chanje pwofesyonèl swen sante yo si lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo disponib.
- Yon pasyan gen dwa pou yo ranpli pou li preskripsyon nan famasi selon chwa li.
- Yon pasyan gen dwa pou li jwenn enfòmasyon ak yon espikasyon konsènan apwòch swen Kay Medikal Santre sou Pasyan.
- Yon pasyan gen dwa pou jwenn enfòmasyon ak fòmilè ki lye ak Direktiv Avanse yo (testaman vi ak deziyasyon sibstiti pou swen sante yo).

RESPONSABILITE PASYAN YO

- Yon pasyan responsab pou bay enfòmasyon konplè ak egzak nan pi bon kapasite li sou sante li bay founisè swen sante a. Enfòmasyon yo ap gen ladan yo medikaman l ap pran, tankou pwodwi ki vann san preskripsyon yo ak konpleman alimantè yo, alèji yo, sansibilite, plent aktyèl yo, maladi li te genyen nan pase yo, ospitalizasyon, ak lòt bagay ki lye ak swen madanm lan oubyen mesye a.
- Yon pasyan responsab pou siyale tout chanjman yo pa te atann nan eta sante li bay pwofesyonèl swen sante a.
- Yon pasyan responsab pou siyale bay pwofesyonèl swen sante a si li konprann yon plan aksyon anvizaje ak sa yo atann nan men li.
- Yon pasyan responsab pou swiv plan tretman yo te antann yo sou li pwofesyonèl swen sante a te preskri epi patisipe nan swen an.
- Yon pasyan responsab pou bay yon granmoun responsab pou ofri transpò lakay ak pou rete avèk pasyan jan pwofesyonèl swen sante a dirije sa oubyen jan sa endike nan enstriksyon pou egzeyate pasyan.
- Yon pasyan responsab pou kenbe divès randevou ak lè li pa kapab pou fè sa pou nenpòt rezon an, pou avèti pwofesyonèl swen sante a oubyen etablisman swen sante a.
- Yon pasyan responsab pou aksyon li yo si li refize tretman yo oubyen pa swiv enstriksyon pwofesyonèl swen sante a ba li yo.
- Yon pasyan responsab pou asire obligasyon finansyèl swen sante li yo ranpli osi rapidman posib.
- Yon pasyan responsab pou bezwen pou aksepte responsabilite finansyèl pèsònèl pou tout frè asirans lan pa kouvri.
- Yon pasyan responsab pou swiv règ ak règleman enstalasyon swen medikal ki afekte swen pasyan ak pou konpòte yo avèk respè anvè tout pwofesyonèl ak estaf swen sante yo, tankou lòt pasyan ak vizitè yo.
- Si patisipe nan Kay Medikal Santre sou Pasyan, yon pasyan responsab pou pale avèk ekip li a sou kesyon sante yo, pataje siksè ak defi pase yo nan kesyon swen sante, pale avèk ekip la sou lòt pwofesyonèl swen sante ki ap ba li swen yo, swiv plan swen sante yo te diskite sou li a, asire li konprann plan epi poze kesyon si li pa konprann, di ekip la si ou gen difikilte pou respekte plan swen an, epi pale si plan swen an pa fonksyone yon jan pou chanjman kapab fèt ansanm, si nesèsè.

Avi sou Pratik Vi An vigè 30 Septanm 2013

Avi sa dekri kòman enfòmasyon medikal sou ou yo kapab itilize ak divilge epi kòman ou kapab jwenn aksè ak enfòmasyon sa. Tanpri, revize avi sa avèk atansyon.

Dosye medikal ou an genyen enfòmasyon pèsonèl sou sante ou. Enfòmasyon sa yo kapab idantifye ou epi lye ak pase ou, eta sante fizik oubyen sante mantal prezan oubyen alavni epi ki lye ak sèvis swen sante yo epi ki rele Enfòmasyon Pwoteje sou Sante (Protected Health Information, PHI). Avi sou Pratik Konfidansyalite sa dekri kòman nou kapab itilize ak divilge PHI ou an akò ak lwa ki aplikab. Li dekri tou dwa ou yo konsènan kòman ou kapab jwenn aksè epi kontwole PHI ou. Nou gen obligasyon selon lalwa kenbe konfidansyalite PHI yo ak pou ba ou avi sou devwa legal ak pratik konfidansyalite nou nan sa ki konsène PHI yo. Nou gen obligasyon pou koube anba kondisyon Avi sou Pratik Konfidansyalite sa. Nou rezève dwa pou chanje kondisyon Avi sou Pratik Konfidansyalite nou yo nenpòt lè. Nenpòt nouvo Avi sou Pratik Konfidansyalite ap antre an vigè pou tout PHI nou kenbe nan moman sa. Nou pral ba ou yon kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite revize a nan afiche yon kopi sou sitwèb nou an, voye yon kopi ba ou nan kourye a sou demann oubyen ba ou youn nan pwochèn randevou a.

Kòman nou kapab itilize ak pibliye enfòmasyon swen sante sou ou:

- **Pou Swen oubyen Trètman:** PHI ou yo kapab itilize ak pibliye bay sila ki enplike yo nan ba ou swen nan objektif pou bay, kowòdone, oubyen jere sèvis ou yo. Sa gen ladan li konsiltasyon avèk sipèvizè klinik yo oubyen lòt manm ekip yo. Otorizasyon ou an obligatwa pou pibliye PHI ou yo bay nenpòt lòt founisè ki pa enplike aktyèlman nan ba ou swen. **Egzanp:** *Si yon lòt doktè te refere ou ba nou, nou kapab kontakte doktè sa pou diskite sou swen y ap ba ou an. Menm jan tou, si nou refere ou yon lòt doktè, nou kapab kontakte doktè sa pou diskite sou swen ou oubyen yo kapab kontakte nou.*
- **Pou Pèman:** PHI ou yo kapab itilize ak pibliye bay tout pati ki enplike nan pèman pou ba ou swen oubyen trètman. Si ou peye pou swen oubyen trètman ou konplètman nan pòch ou san itilizasyon yon asirans, ou kapab fè restriksyon pou yo pa pibliye PHI ou pou pèman. **Pa egzanp:** *Moun k ap peye pou ou an kapab mande divès kopi PHI ou pandan yon demann dosye medikal, yon odit oubyen yon egzamen dosye.*
- **Pou Fonksyonman Komèsyal yo:** Nou kapab itilize oubyen pibliye, jan sa nesèsè, PHI ou nan objektif pou soutni aktivite komèsyal yo tankou, men ki pa limite ak, aktivite evalyasyon kalite, aktivite revizyon anplwaye yo, òf lisans, ak konduit oubyen òganizasyon lòt aktivite komèsyal yo. Nou kapab pibliye tou PHI yo nan moman y ap ba ou divès rapèl randevou oubyen kite mesaj sou telefòn ou oubyen lakay ou sou divès kesyon ou te poze oubyen rezilta tès yo. **Pa egzanp:** *Nou kapab pataje PHI ou avèk twazyèm pati ki ap fè plizyè aktivite komèsyal (pa egzanp, Konsèy Akreditasyon oubyen lòt òganism reglemantasyon oubyen òf lisans) a kondisyon nou gen yon kontra ekri avèk antrepriz ki rekòmande li pou pwoteje konfidansyalite PHI ou yo.*
- **Lalwa Rekòmande:** Anba lalwa, nou dwe rann disponib piblikasyon PHI ou yo sou demann ou. Anplis, nou dwe fè piblikasyon bay Sekretè Depatman Sèvis Sante ak Sosyal yo nan objektif pou mennen investigasyon oubyen detèmine konfòmite nou ak egzijans Règ Konfidansyalite a, si nesèsè.
- **San Otorizasyon:** Lwa ki aplikab ak estanda etik yo pèmèt nou pibliye enfòmasyon sou ou san otorizasyon ou sèlman nan yon kantite lòt sitiyoasyon ki limite. Pa egzanp, kèk tip itilizasyon ak piblikasyon ki kapab fèt san otorizasyon ou se sa yo ki se:
 - Lalwa Rekòmande, tankou rapò obligatwa sou maltretans oubyen neglijan sou timoun oubyen odit oubyen ankèt obligatwa ajans gouvènman (tankou depatman sante a)
 - Òdonans Tribinal Rekòmande
 - Nesèsè pou anpeche oubyen diminye yon menas grav ak iminan pou sante oubyen ak sekirite yon moun oubyen piblik la. Si enfòmasyon an pibliye pou anpeche oubyen diminye yon menas grav, li pral pibliye bay yon moun oubyen divès moun ki kapab yon jan rezonab anpeche oubyen diminye menas, tankou sib la oubyen menas la.
- **Pèmisyon Vèbal:** Nou kapab itilize oubyen pibliye enfòmasyon sou ou bay manm fanmi ou yo ki enplike dirèkteman nan sèvis w ap resevwa yo avèk pèmisyon vèbal ou.
- **Avèk Otorizasyon:** Itilizasyon ak piblikasyon lalwa ki aplikab pa pèmèt pral fèt **sèlman avèk otorizasyon ekri ou**, sa ki kapab revoke. Otorizasyon eksplisit ou rekòmande pou pibliye divès nòt sikoterapi ak PHI nan objektif pou fè maketin, kominikasyon sou tretman sibvansyon yo ak pou vant enfòmasyon sa yo.
- **Dwa ou genyen konsènan PHI ou yo**
- Ou genyen dwa sa yo konsènan PHI nou kenbe sou ou. Pou egzèsè nenpòt nan dwa sa yo, tanpri soumèt demann ou an alekri bay Responsab Konfidansyalite nou an:
 - **Dwa pou gen Aksè pou Enspekte ak Kopye.** Ou genyen dwa, ki kapab jwenn restriksyon sèlman nan sikonstans eksepsyonèl oubyen avèk dokiman ki pibliye ba nou, pou fè enspeksyon ak kopye PHI ki kapab itilize pou pran desizyon sou sèvis yo bay.
 - **Dwa pou fè Modifikasyon.** Si ou santi PHI nou genyen sou ou pa kòrèk oubyen pa konplè, ou kapab mande pou modifiye enfòmasyon yo malgre yo pa rekòmande nou dakò ak modifikasyon an.
 - **Dwa ak yon Kontabilite Divilgasyon yo.** Ou genyen dwa pou mande yon kontabilite kèk piblikasyon nou fè nan PHI ou an. Nou kapab pran sou ou yon frè rezonab si ou mande plis pase yon kontabilite nan nenpòt peryòd 12 mwa.
 - **Dwa pou Mande Restriksyon.** Ou genyen dwa pou mande yon restriksyon oubyen limitasyon sou itilizasyon oubyen piblikasyon PHI ou yo pou sèvis yo, pèman, oubyen divès operasyon komèsyal. Nou pa gen obligasyon pou aksepte demann ou an.
 - **Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl.** Ou genyen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou sou kesyon PHI ou yo nan yon fason espesifik (pa egzanp, telefòn, imel, kourye postal, elatriye.)
 - **Dwa ak yon Kopi Avi sa.** Ou genyen dwa ak yon kopi Avi sa.

Konfidansyalite Sitwèb la

Tout enfòmasyon pèsònèl ou ba nou atravè sitwèb nou an, tankou adrès imèl ou, p ap janm rive vann oubyen lwe bay okenn lòt moun san pèmasyon eksprè ou. Si ou ba nou nenpòt enfòmasyon pèsònèl oubyen sou kontak nan objektif pou resevwa nenpòt bagay nan men nou, nou kapab kolekte ak anrejistre done pèsònèl sa yo. Nou pa kolekte adrès imèl pèsònèl ou otomatikman jis paske ou vizite biwo nou an. Nan kèk sikonstans, nou kapab fè patenarya avèk yon lòt moun pou bay sèvis tankou lèt enfòmasyon, sondaj pou amelyore sèvis nou yo, mizajou sou sante oubyen sou konpayi a, epi nan ka konsa, nou kapab bezwen transmèt enfòmasyon sou kontak ou bay lòt moun sa yo. Enfòmasyon sa yo, sepandan, pral sèlman transmèt bay patnè lòt moun sa yo sitou pou kominikasyon sa yo, epi lòt moun p ap itilize enfòmasyon sou ou yo pou okenn lòt rezon. Byenke nou kapab suiv volim vizitè yo sou divès paj sitwèb nou an byen presi epi telechaje enfòmasyon apati de divès paj espesifik, yo pa itilize chif sa yo sèlman yon jan global ak san okenn enfòmasyon pèsònèl. Enfòmasyon demografik sa yo kapab pataje avèk patnè nou yo, men li pa lye ak okenn enfòmasyon pèsònèl ki kapab idantifye ou oubyen nenpòt vizitè sit nou an.

Biwo nou an kapab genyen divès lyen vè lòt sitwèb deyò. Nou pa kapab pran responsabilite pou politik oubyen pratik konfidansyalite sit sa yo epi nou ankouraje ou pou verifiye pratik konfidansyalite tout sit entènèt ou vizite yo. Pandan n ap fè tout efò pou asire tout enfòmasyon ki bay sou sitwèb nou an kòrèk ak egzak, nou pa bay okenn garanti, eksprè oubyen enplisit, pou egzaktitid, egzostivite, oubyen aktyalite enfòmasyon ki disponib sou sit nou an. Nou pa responsab anvè kèlkeswa moun pou tout pèt, reklamasyon oubyen domaj ki lakòz an antye oubyen an pati, pa youn nan enfòmasyon ki founi sou sit nou an. Lè ou itilize sitwèb nou an, ou konsanti ak koleksyon e ak itilizasyon enfòmasyon pèsònèl jan sa detaye nan dokiman sa. Yo pral rann tout modifikasyon nan Politik Konfidansyalite sa piblik sou sit sa yon jan kote ou pral konnen ki enfòmasyon nou kolekte ak kòman nou itilize yo.

Vyolasyon:

W ap jwenn yon avi imedyatman si nou resevwa enfòmasyon genyen yon vyolasyon ki enplike nan PHI ou an.

Plent:

Si ou kwè nou te vyole dwa sou konfidansyalite ou, ou genyen dwa pou depoze yon plent alekri bò kote Responsab Konfidansyalite nou an nan LHS. Si ou gen kesyon epi ou ta renmen gen divès lòt enfòmasyon, ou kapab kontakte nou nan (352) 793-5900 oubyen rele gratis nan (888) 298-5510.